

Transfè Avantaj: Konsèy pou Konsomatè



Depoze yon Reklamasyon

Si w gen domaj, kontakte konpayi asirans ou a pi vit posib pou ou depoze yon reklamasyon.

Kontakte Konpayi Asirans ou Dirèkteman

Pa kite yon lòt moun, tankou yon konpayi remedyasyon dlo oswa yon konpayi konstriksyon, kontakte konpayi asirans ou pou ou. Ou ta dwe moun ki pran premye kontak avèk konpayi asirans ou an.

Konnen Dwa ou yo

Ou pa bezwen siyen yon fòm Transfè Avantaj pou yo ka trete reklamasyon asirans ou a oswa pou yo repara kay ou, menm pou reparasyon ijan.

Li Fòm yo avèk anpil atansyon

Si yo mande w pou siyen yon fòm Transfè Avantaj, pran san w pou w li l epi asire w ou konprann klè ki dwa ak avantaj ou genyen nan asirans ou w ap renonse lè ou siyen li.

Kenbe Kontwòl

Lè w siyen pou transfere avantaj asirans ou a bay yon konpayi konstriksyon oswa lòt vandè, sa ka itil ou oswa li ka kreye plis depans kote se ou ki ka responsab. Toujou kenbe kontwòl kontra asirans ou te achte ak peye pou li a.

